

You bi small pikin if you neva reach 18 years



SMAL PIKIN WEY ANODA PESIN DEY COLLECT MONI FROM IM HEAD

YOR RIGHT DEM AS YOU DEY INSIDE NETHERLANDS

A semi-circular arc with a dashed white border separates the top yellow section from the bottom section. Below the arc, four hands of different colors (light green, light yellow, light orange, and light red) are reaching out towards the center. The background of this section is a gradient from light green on the left to light orange on the right.

SOME BETA
ADVICE AND
PEPLE WEY FIT HELP
YOU



European Union sef put money down



YOU GET RIGHT TO TALK YOUR MIND



Di pesin wey go do as papa or mama for you go help you find tins free like (chop, house to stay, bafroom, doctors, school...) and e go help you keep yor right dem.

Profeshonals like (police, lawya, pesin wey go do like yor mama or papa, judge, doctor dem etc) bi people wey you fit trust

Di pesin wey go do like papa or mama for you or social woker and e go dey make decishon wit you


You get right make dem find you person wey fit speak yor own language and you no go pay kobo

You get right make dem find you lawya and you no go pay kobo, exampu if dem accuse you of sometin wen you dey court or wen you dey make yor paper so dat di countri go cover you come give you paper to stay patapata (asylum)

MAKE YOU NO LET FEAR CATCH YOU



COMENSHA
If e bi like say pesin don
use you or collect moni for
yor head
Call
**033 -
448 11 86**
or go chek
[http://www.fromhereon.
eu](http://www.fromhereon.eu)
<http://childline.org.uk/>



NIDOS
Dis people dey find beta
big pesin for pikin wey
dey anoda countri wey im
mama and papa no dey
Dem phone numba
0031-302391200
E-mail:
directie@nidos.nl



Defence for Children
ECPAT
the Netherlands
Place pesin fit call if im
want help
Dem phone numba
003171-5160980
Email
[info@defenceforchildren.
nl](mailto:info@defenceforchildren.nl)

**SHINE YOR
EYE WELL WELL
CLAIM YOUR
RIGHT!**





NA WETIN POLICE FIT DO FOR YOU?

Police dem dey here to protect pesin wey get suffer head from oda peple hand or pesin wey bi say dem dey force to do tins wey e no wan do.

Di police here na beta peple.

Police NO go do you bad.

Even if you don do bad bad tins befor dem no go punish you for am, as na pesin force you to do am, even sef if di tin against law. E get sometimes wey police no go understand you, so make you talk to yor social woker or lawya for advise.

IF YOU WANT REPORT BAD
TIN, OR YOU DEY FEAR FOR YOUR
LIFE OR ANODA PESIN OWN, CALL
POLICE O.

IF YOU NEED HELP QUIK QUIK

112

FOR MATA WEY NO BI QUIK QUIK
MATA

0031-900-8844

NA WETIN DEM DEY CALL TRAFFICKING OF PESIN SEF?

Pesin fit don dey use you or yor friends sef inside dis trafficking tin, wey bi say you no sabi sef.

You don dey inside condision wey make you:

- **do kpokiripo or tins wey resemble am?**
- **wok** (like house girl work, or baby nurse, factory wok or wok for place wey dem dey sell chop?)
- **beg, teif, or commit bad tins?**
- **plant, carri, or sell drug?**
- **comot organ from inside yor bodi come sell am to anoda pesin?**
- Pay di moni wey you owe anoda pesin but as moni no dey yor hand you come begin wok for di pesin or do oda tins to pay am back?
- Pesin dey wey dey give you or yor family palava?

If you answer “yes” to any of dis qeshon dem, na im bi say you or yor friend dem fit bi pesin wey dem dey traffick.

Dis traffick of pesin na serious bad tin wey dey spoil pesin right. Find one profeshonal make you talk to am if dis tin dey worry you for mind, make dem for stop am, and make oda small pikin dem no suffer am.

NA EVERYTIME NA IM MAKE YOU ASK POLICE PELE TO EXPLAIN YOR RIGHT TO YOU:

YOU GET RIGHT SEY MAKE BETA BIG PESIN DEY WIT YOU, RIGHT SEF DEY FOR YOU TO GET LAWYA FREE

TO GO HOSPITAL SEF NA FREE, EVEN SEF NA FREE TO GET PESIN WEY GO TALK YOR OWN LANGUAGE SEF



NA WICH KIND TIN DI PESIN WEY GO STAND FOR YOU LIKE PAPA OR MAMA FIT DO FOR YOU?

- For inside Netherlands here, every smal pikin wey no get im papa or mama here, dem go find am pesin wey go begin care for am like im own papa or mama until im rish 18 years.

Dis pesin wey go care for you e go make sure say im do everi tin to protect and care for you well well.

Di pesin wey go care for you like papa or mama go help you fit dey go hospital and to see peple wey go talk to you if you dey tink too much, di pesin go see say you go school and and e go make sure say you get beta place to stay.

Di beta pesin go see say im help you do all di paper wey you go need to fit live for dis countri and if you get qeshon you fit dey ask am.

DEM BI PEPLE WEY DEY SPEAK YOR LANGUAGE WIT YOU TO TAKE EXPLAN EVERI TIN TO YOU

- You get right make dem find you person wey fit speak yor own language and you no go pay kobo anytim wey you go court or if police peple dey ask you qeshon. Na everytime dem go ask you if you want man or woman wey dey speak yor language. If yor bodi no gree wit di pesin wey dem call to talk yor language wit you, make you tell dat pesin wey bi like yor papa or mama sey make dem find you anoda pesin. Make you hear well well o, anybodi wey dem call to come talk yor language wit you sabi sey im must keep every tin wey you talk secret.

No forget
say dat pesin wey
dey care for you like
papa or mama na beta
pesin wey you suppos
trust. E go tanda for
you and wit you



LAWYA DEM

- For inside Netherlands, as you bi smal pikin na yor right say make dem find you yor own lawya free.
- If you bi pesin wey don suffer ogboju or dem don collect moni for e head, di peple dem dey call Legal Aid Board (Raad voor de Rechtsbijstand) go find you lawya.
- Nidos, di office of peple wey no get papa or mama for di land sef fit find you lawya.

They na true say any tin wey pesin tell lawya
e no go tell anybodi?



- Every tin wey you tell yor lawya na im dem go keep secret, dey no go tell anybodi. But sha, dem fit tell di peple wey go help you do di kind paper wey di govment of dis land go use take allow you stay for dem countri patapata, di only tin bi say dem no go ever tell di govment of di countri wey you from comot. Dem fit tell police if dey hear say pesin don use your head collect moni but na to protect you sha.






YOR HEALTH AND BODI

- If you get paper to stay for inside Netherlands, na im be say you go fit go hospital see doctor free and tell am how you bodi dey and you no go pay moni.
- If you no get paper to stay for inside Netherlands, you fit go hospital small and you no go pay moni.
- Dat pesin wey be like yor papa or mama must see say you fit go hospital wen you no well.

ABOUT DI COVER WEY DI GOVMENT OF DIS COUNTRI DEY GIVE PEOPLE WEY DON SUFFER SO DAT DEM GO STAY FOR DIS COUNTRI PATAPATA (ASYLUM) AND PEOPLE WEY DEM CARRY COME HERE BEGIN USE DEM

- If na anoda countri you from come, you fit need permishon to stay for here. Di tins you go do bi say, you go ask for di goument of dis countri make im cover you for dem countri patapata as you don see sufferhead na im bi asylum, or ask make dem do paper for you to take stay inside Netherlands. You fit ask for di asylum for dem border or any place, but dat pesin wey dey do mama or papa for you or yor lawya fit do am for you.





SCHOOL


Na how e bi to enter school?

➤ For Netherlands here, all pikin (wey neva rish 18 years) fit enta school free. Dat pesin wey dey stand as mama or papa for you go help you find school.

➤ Dat pesin wey dey do mama or papa for you or lawya go explain di difrent ways you fit take do am. Dis tin we dey talk so, no easy e dey tay well well o, no be quik quik.

➤ But no forget say, even if you neva get paper sef dem go stil gree make you still dey chop di enjoyment wey dey from di office of di peple wey dey care for smal smal pikin dem.





INFO-CONTACTS







Na di European Union peple put money down take make dis book for yor hand. All di tins wey dem write put inside na ECPAT France and im peple for ReACT project like : ECPAT Belgium, ECPAT Germany, ECPAT Netherlands and ECPAT UK get am, but no bi say na from European Union mouth di tins from comot.

